

## REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50  
Chapit 2. Administrasyon jeneral  
Seksyon 2.21

**Règleman 2.21 Demann lekòl la pou elèv yo peye****A. Objektif**

1. Distri sa a rekonèt pwovizyon ki nan atik IX, Seksyon. 1 konstitisyon Florid la, ki deklare, nan pati apwopriye sa nou ki ekri la yo:

Edikasyon timoun gen yon valè fondamantal pou abitan nan eta Florid. Se poutèt sa, youn nan obligasyon primòdyal pou eta a se fè pwovizyon edikasyon adekwa pou tout timoun ki abite andedan eta a. Pwovizyon adekwa dwe tabli dapre lalwa pou yon gwo sistèm lekòl piblik gratis, sanble youn ak lòt, efikas, an sekirite, ak konfyans k ap pèmèt elèv yo jwenn yon bon kalite edikasyon . . . .

Komite dirijan Distri lekòl rejyon Palm Beach la afime responsablite eta a nan fè pwovizyon adekwa pou edikasyon chak elèv nan sistèm edikasyon piblik la soti nan jadendanfan rive nan 12yèm ane, ki respekte lwa federal ak eta Florid.

Règleman 2.21 gen wòl pou l bay eksplikasyon sou entèpretasyon yon pòsyon nan pwovizyon konstitisyonèl sa a ki gen rapò ak lwa sa a. Règleman 2.21 pa ni ajoute ni retire obligasyon pou genyen pwovizyon adekwa dapre lalwa pou bay yon sistèm lekòl piblik gratis youn sanble ak lòt, men sèlman bay eksplikasyon pou reyalizasyon, egzekisyon ak konfòmite ki gen rapò ak lwa sa a.

2. Li pa obligatwa pou okenn elèv peye kòm youn nan kondisyon pou yo jwenn kredi lekòl nan nenpòt klas amwenske sa otorize anba lalwa Florid § 228.061., oswa nenpòt lòt lwa federal oswa rejyonal. Direktè lekòl yo gen otorite pou mande elèv yo, jan sa ekri nan alineya § A-5 ki enkli la a, elèv ki achte volontèman kèk bagay oswa peye volontèman pou patisipe nan yon aktivite, li kapab ede nan aprantisaj yo. Si paran/responsab la pa dispoze volontèman pou l achte yon atik patikilye, konsomab oswa ou pa, oswa ki pa peye pou yon aktivite, ak si atik la itilize epi/oswa antretyen aktivite a, lekòl la ta dwe ofri paranresponsab la atik sa a oswa aktivite gratis pou timoun nan, oswa ki kapab chwazi pou l avanse avèk itilizasyon atik la oswa angaje nan aktivite kòm pati pwogram enstriksyon an. Lekòl yo rekòmande pou bay resous teknik ak lòt resous pou elèv itilize nan sant aktivite lekòl la.
3. Founiti klasik debaz elèv yo bezwen pou konplete devwa yo, tètke papyè, plim, kreyon, kaye, ak règ, se responsablite paran oswa responsab epi li pa limite ak pwovizyon ki nan lwa sa a.
4. Genyen kèk atik oswa aktivite ki kapab fè pati kourikoulòm regilye lekòl la oswa klas kote elèv yo kapab mande elèv yo pou yo peye, tètke jan sa tabli nan alineya § A-5 ki enkli la a, pou peye frè debaz ki asosye ak depans. Lwa sa a idantifye depans sa yo, ki kapab mande youn elèv, jan sa tabli nan alineya § A-5 ki enkli la a, anplis ak sila yo lalwa pèmèt, si genyen
5. *Nenpòt demann lajan ki fèt oprè yon elèv, ta dwe fèt alekri, pou avize paran oswa responsab elèv la, epi eksplike klèman,(a) pa genyen sanksyon y ap enpoze kont okenn elèv akòz ratman yon pèyman; (b) yo pa ta dwe anpeche okenn elèv patisipe poutèt li pa peye; (c) direktè/tris a kapab bay lesepase pou yon aktivite ki te planifye oswa itilize yon atik patikilye baze sou koleksyon fon ensifizan pou kouvri depans atik oswa aktivite sa a; epi (d) demann sa a se pou yon pèyman volontè. Nòt sa a ta dwe tou nan manyèl lekòl yo bay pou elèv yo, oswa adendòm apwouve, ki piblye ak distribye bay tout elèv nan kòmansman ane eskolè a.*

6. Yo ta dwe tou avize direktè lekòl la, tout asistan direktè/tris, ak pwofesè sou egzistans lwa sa a.
7. Lwa sa a pa aplikab pou elèv k ap antre lekòl achte inifòm kote yo rekòmande inifòm oswa rad patikilye pou antre lekòl dapre règleman kòd abiman komite dirijan distri a.

## **B. Demann pèyman akseptab**

1. Yo kapab mande elèv yo pou peye frè materyèl yo kapab itilize pou prepare pwojè yo pral fè lakay. Yon tèt chaj dwe baze sou pri aktyèl materyèl yo epi yo dwe respekte sa ki ekri nan alineya § A-5 ki enkli la a.
2. Nan klas edikasyon lekòl segondè yo, li rekòmande pou elèv yo benyen aprè aktivite fizik. Yon elèv dwe peye pou itilizasyon sèvyèt ak yon inifòm pou klas edikasyon fizik si lekòl la agreye l. Elèv la kapab pote yon sèvyèt oswa rad apwopriye ki sot lakay li pou klas edikasyon fizik la.
3. Lekòl ki vann bagay yo kapab mande pou elèv yo peye sèlman pou bagay pèsònèl. Direktè/tris yo dwe pran prekosyon pou detèmine sa k pèsònèl ak sa ki klèman responsablite responsab lekòl la pou l ofri.
4. Aktivite rekreyativ, toude aktivite rekreyativ andedan ak andeyò lekòl la, gen wòl pou l anrichi eksperyans edikasyon elèv yo epi li dwe gen rapò ak kourikoulòm la. Dapre alineya § A-5, lekòl yo gen pèmasyon pou yo mande yon elèv peye dirèkteman pou yon aktivite rekreyativ ki fèt pandan orè lekòl la. Si yon paran/responsab pa peye pou yon aktivite rekreyativ, yo pa dwe anpeche elèv la jwenn opòtinite pou l patisipe, epi lekòl la dwe fè aranjman pou pèmèt elèv la patisipe san peye, bay lòt kondisyon preyalab (tèlke pèmasyon paran) aseptab. Direktè lekòl la kapab apwouve plan yon aktivite rekreyativ baze sou pèyman ki pa sifizan pou kouvri depans aktivite rekreyativ la.
5. Lè yo bay elèv yo devwa lekti ki pa nan liv lekòl la, oswa lòt materyèl yo bay pou tout elèv yo itilize, kopi liv ak materyèl siplemantè adèkwa, ak/oswa ekipman teknoloji adèkwa ta dwe disponib pou elèv la itilize oswa prete l nan sant daktivite eskolè oswa nan kèk lòt kote ki rezonabman aksesib. Kèk pwojè endividyèl (tèlke rezime ak devwa ekri) kapab mande pou li materyèl lekti ki disponib nan libreri piblik.
  - a. Lekòl yo kapab, nan sijè ak alineya § A-5 ki la a tou, ofri pou yo vann elèv yo liv devwa lekti. Achte materyèl sa yo, se yon opsyon epi sa pa ta dwe obligatwa pou yon elèv fè devwa l.
  - b. Frè yo chaje pou materyèl sa yo dwe baze sou pri li koute lekòl la.
  - c. Liv/materyèl lekti sa yo dwe disponib nan lekòl, e.i. ekspozisyon pou elèv yo achte.
6. Elèv ki chwazi pou fè yon pwojè anbisye, ki koute plis pase kou minimòm yon pwojè nan klas, kapab gen pou l peye frè materyèl adisyonèl. Chwa yon pwojè anbisye oswa chwa yon pwojè nan klas regilye p ap okazyon yon nòt pi elve pou elèv la ki chwazi yon pwojè anbisye.
7. Vann/lwe tøj ak berè se yon bagay apwopriye, konsa yo pa dwe anpeche okenn elèv jwenn opòtinite pou l patisipe nan seremoni gradyasyon akoz yo pa gen lajan pou achete/lwe tøj ak berè.
8. Elèv yo kapab mande pou yo peye frè lokasyon ak netwayaj inifòm yo bezwen pou pwogram aktivite andeyò lekòl ki dewoule aprè lè regilye lekòl.
9. Si yon elèv pèdi oswa andomaje pwopriyete distri a, tankou liv libreri ak kaye elèv la prete, li obligatwa pou yon tèt elèv peye pou sa, ranplase l oswa repare pwopriyete distri a.

10. Yo kapab chaje elèv la yon amann modès pou liv libreri li retounen anreta.

11. Kazye.

Kòm aplikab, lekòl la kapab founi swa yon kazye pou liv ak/oswa yon kazye edikasyon fizik pou chak elèv. Lekòl la gen dwa pou l rekòmande sèlman mastè kadna, kle prensipal lekòl la kapab itilize pou louvri kazye sa yo. Elèv yo ta dwe genyen opòtinite pou achte oswa lwe kadna sou depans lekòl la.

12. Frè pou pakin.

Frè pakin yo kapab chaje elèv lekòl segondè.

### **C. Aktivite ki pa akademik ak volontè**

1. Aktivite andeyò lekòl yo pa dwe konsidere kòm yon pati règleman sa a, epi yo pa ta dwe mande elèv yo pou peye depans ki asosye avèk aktivite sa yo.
2. Lekòl yo kapab fè elèv yo peye pou depans ki asosye avèk aktivite ki dewoule andeyò lè lekòl la. Elèv yo gen opsyon pou yo patisipe. Yo pa dwe pran sanksyon kont yon elèv akòz li pa patisipe, yo pa dwe nonplis rekonpanse yon elèv oswa ba l kredi anplis pou patisisyon l.
3. Elèv yo kapab mande pou peye pou atik ak tikè admisyon pou evènman ki dewoule aprè lekòl, ki gen ladan l evènman atletik, konsè, ak pwodiksyon teyatral. Prezans nan evènman sa yo dwe konsidere kòm yon opsyon. Nenpòt elèv ki patisipe pa ta dwe resevwa kredi siplemantè ni yo pa ta dwe pran sanksyon nonplis kont elèv ki pa t patisipe yo.

OTORITE LEGAL: §§ 230.22(2), 230.23(22); 230.23005(2)(e), Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 230.22, 230.23; 228.061, 230.03(2); Fla. Stat.; Fla. Const. art. 9 § 1.

DOSYE ISTORIK: 02/18/72; 07/21/82; 03/26/01

Paj 2.22(a)-2.22(d)